



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

1e jan 2024

Chè sè ak frè nan Kris la:

Wikenn pwochèn, 8/9 jan, Dyosèz Palm Beach pral kolekte lajan pou sipòte 2 inisyativ enpòtan: Misyon Nwa ak Endyen epi Misyon Katolik ki nan lakay nou.

Koleksyon Misyon Nwa ak Endyen an, ki te etabli kòm premye koleksyon nasyonal an 1874, egziste pou ede kominote Katolik Afriken Ameriken yo ak Nativ Ameriken yo atravè Etazini gaye Bòn Nouvèl Jezikri a epi reponn a bezwen reyèl ak ijan sou teren an. Sipò ou a ede misyonè yo sèvi, fòme timoun ak gramoun nan lafwa ak bati lespwa nan zòn kote li manke.

Pòsyon Misyon Katolik lakay nou an nan koleksyon an ede dyosèz ki gen difikilite atravè nasyon nou an ak teritwa li yo ki bezwen asistans finansye pou kenbe sèvis pastoral débaz yo ak travay mizèrikòd yo. Sipò w nan apèl sa a fè yon diferans nan kominote misyon yo atravè pwogram pou evanjelizasyon, fòmasyon lafwa, lavi moun ak diyite, ranfòse maryaj ak fanmi, ak vokasyon prêt ak relijye.

Avèk rekonesans pou jenewozite w kap kontinye ak tout volonte lapriyè m, Se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach